


NaMutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri
Hwekutanga



Mubairo weKushingirira Zvakanaka

Pandaive mukomana wechidiki, ndakashanda muCheschi semutevedzeri kumutungamiri wenharaunda aive akachenjera. Aiedza nguva dzose kundidzidzisa. Ndinorangarira rairo yaakambondipa: “Kana ukasangana nemumwe munhu, mubate sokunge ari mudambudziko rakakomba, uye uchange uri pachokwadi munguva zhinji dzacho.” Panguva iyoyo ndakafunga kuti aive munhu anogotarisa zvakaipa chete kubva kuzvinhu zvole. Iye zvino, mushure memakore anopfuura makumi mashanu, ndavekuona kunzwisisa zvakanaka kwaaiita nyika neupenyu.

Tose tinemiedzo yatinosangana nayo—pane dzimwe nguva, miedzo yakaomesesa. Tinoziva kuti Ishe vanotibvumira kusangana nemiedzo kuti tikure isu pachedu uye tiruramiswe kuitira kuti tigokwanisa kunogara navo nokusingaperi.

Ishe vakadzidzisa Muporofita Joseph Smith muTirongo reLiberty kuti mubairo wekushingirira pamiedzo yake zvakanaka waizomubatsira kuti akodzere kuwana upenyu hwekusingaperi:

“Mwanakomana wangu, runyararo ngaruve kumweya wako; matambudziko ako nemarwadzo ako zvichave kwechinguva chidiki;

“Uye zvino, kana ukashingaira mazviri zvakanaka, Mwari vachakusimudzira pamusoro; iwe uchakunda vose vavengi vako” (D&Z 121:7–8).

Tinowana matambudziko akawanda nemiedzo yakawanda muupenyu hwedu zvokuti zvingangotaridzika sezvakaoma kushingirira zvakanaka. Zvinogona kutaridzika

sokudaro kumhuri inotarisa pazvirimwa kana kukasava nemvura inonaya. Vanogona kufunganya kuti, “Tinokwanisa kushingirira kwenguva yakareba zvakadii tisina mvura inonaya?” Zvinogona kutaridzika sokudaro kune wechidiki akatarisana nekuedza kukunda huwandu hunoramba hwuchikura hwezvakaipa nemiedzo. Zvinogona kutaridzika sokudaro kune mukomana wechidiki arikutambudzika kuwana dzidzo kana kudzidzira kunodikanwa kuti awane basa kuitira kuti azokwanisa kuchengeta mudzimba nemhuri. Zvinogona kutaridzika sokudaro kune munhu asiri kukwanisa kuwana basa kana uyo akarasikirwa nebaso mushure merimwe basa apo mabhizimusi paaivhara misuwo yawo zvachose. Zvinogona kutaridzika sokudaro kune avo vakatarisana nokuderera kweutano, uye kwesimba renyama, uko kungangouya pakutanga kana kumagumo muhupenyu hwavo kana kune avo vavanoda.

Asi Mwari vanerudo havana kuisa miedzo yakadaro pamberi pedu kungotivaone kana tichigona kushingirira pazvinhu zvakagozha asi kuti vaone kana tichigona kushingirira zvakanaka pazviri uye nokudaro tigove vanhu vakanatsurudzwa.

Vatungamiri Vekutanga vakadzidzisa Gosa Parley P. Pratt (1807–57) apo paaive achangobva kusheedzwa senhengo yeChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri: “Wadeedzwa mubasa rinoda kuzvipira kwako kwose; . . . iva museve wakakwenenzverwa. . . . Unofanirwa kushingirira mumatambudziko akawanda, mumabasa akawanda,

uye nemuzvinetso zvakawanda kuti uve wakanatsurudzwa zvizere. . . . Baba vako Vokudenga ndizvo zvavanotarisa, munda ndeWavo; basa ndeRavo; uye Vacha . . . kukurudzira . . . nekukutsigira.”¹

Mubhuku revaHeberu, Pauro anotaura nezvemuche-ro wekushingirira zvakana: “Zvino kuranga kwose, kana kuchaitwa, kwakaita sokusingafadzi, kunochemedza; asi pashure kunoberekerwa ivo, vakadzidziswa nako, zvibereko zvorugare, ndizvo zvibereko zvokururama”. (VaHeberu12:11).

Miedzo yedu uye matambudziko edu zvinotipa mukana wekudzidza nekukura, uye zvingangogona kushandura hunhu hwedu chaihwo. Kana tikazviunza kune Muponesi munguva dzemiedzo yedu yakagozhesesa, mweya yedu inokwanisa kunatsurudzwa apo patinenge tichishingirira.

Naizvozvo, chinhu chekutanga kurangarira ndecho kunamata nguva dzose (ona D&C 10:5; Aruma 34:19–29).

Chinhu chechipiri ndecho kushingirira nguva dzose kuchengetedza mirairo—zvisinei nokuti kune pikiso yakadii kune zviedzo zvakadii kana vhiringidzo dzakadii patiri (ona Mosaya 4:30).

Chinhu chechitatu chakakoshesa chokuita ndecho kushandira Ishe (ona D&Z 4:2; 20:31).

Mukushandira Tenzi, tinosvika pakuVaziva nekuVada. Tinokwanisa, kana tikatsungirira mumunamato nemukuvashandira zvakatendeka, kuzotanga kuona ruoko rweMuponesi nerushanduro rweMweya Mutsvene muhupenyu hwedu. Vazhinji vedu kwenguva takapa mushando wakadaro uye tikanzwa hufambidzani hwe-mweya ihwohwo. Ukafunga shure panguva idzodzo, unozorangarira kuti paiva neshanduko mauri. Chiedzo chokuita zvakaipa chakaratikidza kuderera. Chido chekuita zvakana chakawedzera. Avo vaikuziva zvakanyanya uye vaikuda vangangova vakati: “Wava netsiye nyoro nekuzvinipisa zvakawedzerwa. Hauratidzike semunhu mumwecheteyo wawaiva.”

Wakanga usiri munhu mwecheteyo wawava. Wakashandurwa kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu, nekuda kwekuti wakavimba Naye munguva dzekuedzwa kwako.

Ndinokuvimbisa kuti Ishe vanouya kurubatsiro rwako munguva yekuedzwa kwako kana ukaVatsvaga nekuVashandira uye kuti mweya wako uchanatsurudzwa mukuita ikoko. Ndinokukurudzira zvikuru kuti uise ruvimbo rwako maVari mumatambudziko ako ose.

Ndinoziva kuti Mwari Baba vanorarama uye kuti Vano-nzwa nekupindura minamoto yedu yose. Ndinoziva kuti Mwanakomana Wavo, Jesu Kristu, akabhadhara mutengo wezvivi zvedu zvose uye kuti Anoda kuti tiuye kwaAri. Ndinoziva kuti Baba neMwanakomana vanotitaririra uye vakatigadzirira nzira yekuti tishingirire zvakana uye kuti tidzokere kumba zvakare.

CHINYORWA

1. *Nhorondo yeupenyu hwaParley P. Pratt*, ed. Parley P. Pratt Jr. (1979), 120.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Tose tine matambudziko anoedza rutendo rwedu uye kwaniso yedu kushingirira. Funga zvinodiwa uye zvinetso zveavo vamunodzidzisa. Usati washanya, unokwanisa kunamatira nhungamiriro kuti ugoziva mabatsiriro aungavaita kuti vashingirire zvakana. Unogona kufunga kukurukura zvose misimboti nemagwaro matsvene ayo ataurwa naMutungamiri Eying, kusanganisira kunamata, kushandira uye nekuchengetedza mirairo. Unokwanisawo kutaurira avo vamunoshanyira zviitiko zveupenyu hwako pachako zvekuropafadzwa kwawakaitwa nemunzira dzakakubatsira kushingirira zvakana.

VECHIDIKI

Apo Shamwari Yangu Payakafa

NaSamantha Linton

Mumakore angu apo pandaive muchikoro chese-kondari chepazasi, shamwari yangu yakabatwa nechirwere chokuputika kwetsinga huru inopa ropa kuuruzvi uye akashaya zuva raitevera. Kuyangwe zvazvo ndaive nhengo yeChechi, ndakashushikana chaizvo. Ndakange ndadzidziswa muhupenyu hwangu hwose kuti ndaikwanisa kutendeukira kuna Baba Vokudenga uye kuMuponesi pane chose chandaida, asi handina kumbenge ndasangana nechinhu chakadai.

Ndakachema kwemaawa akawanda, ndichiedza kuwana chimwe chinhu—chipi zvacho—chaizondipa runyararo. Usiku ihwohwo mushure mekushaya kwake, ndakatendeukira kubhuku renziyo. Apo pandaivhura mapeji, ndakasvika pana “Abide with Me; ‘Tis Eventide” (*Hymns*, nhamba 165). Ndimba yechitatu yakabata mwoyo wangu:

*Garai neni, madekwani ano,
Uye kusurikirwa kuchava usiku
Kana ndisingagoni kutaaurirana nemi,
Kana kuwana mamuri chiedza changu.
Rima renyika, ndinoritya,
Ndinoda kuti mugare mumba mangu.
Muponesi, garai usiku huno neni;
Tarirai, ave madekwani.*

Ndima iyi yakandizadza norunyararo rukurusa. Nda-
kabva ndaziva ipapo kuti Muponesi aigona kugara usiku
ihwohwo neni uyewo kuti Aizivavo chaizvo zvandaka-
nge ndichinzwa. Ndinoziva kuti rudo rwandakanzwa
kuburikidza nerwiyo urwu, harwuna chete kundibatsira
usiku ihwohwo asi rwakandibatsirawo nemune mimwe
miedzo yakawanda iyo yandakasangana nayo.

Munyori wenyaya iyi anogara muUtah, USA.

**Unogona kukopa “Abide with Me; ‘Tis Eventide”
kubva ku [lds.org/go/71756](https://www.lds.org/go/71756).**

© 2017ne Intellectual Reserve Inc. Ndiyo chete inekodzero dziri pamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA.
Mvumo yeMucharungu: 6/17. Mvumo yedudziro 6/17 Dudziro ye *First Presidency Message, July 2017*. Shona. 97927 731



Kuti Vave Vamwechete

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo eupenyu husingaperi?

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

“Jesu akakwanisa kuwana kubata-na kwakakwana naBaba kuburikidza nokuZviisa pasi pechido chaBaba zvose panyama nepamweya,” vakadzidzisa kudaro Gosa D. Todd Christofferson veChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri.

“... Zvechokwadi hatikwanisi kuve vamwechete naMwari uye naKristu kusvikira taita kuti zvido Zvavo uye izvo Zvavafarira zvive zvinhu zvatinodisira isu pachedu. Kuzvininipisa kwakadaro hakukwanisi kuwanikwa muzuva rimwechete, asi kuburikidza neMweya Mutsvene, Ishe vanozotidzidzisa kana tiine chido kusvikira, neku-pfuura kwenguva, zvinozogona pachokwadi kunzi Ari matiri sekuva kuri Baba maAri.”¹

Linda K. Burton, Mutungamiriri Mukuru weChita cheRubatsiro, akadzidzisa mawaniro atingaita kubatana uku: “Kuita nekuchengeta zvibvumirano chiratidzo chekuzvipira kwedu kuti tive takafanana neMuponesi. Muenzaniso wakanaka ndewekuedza nepose patinokwanisa kuva

nemafungiro avo anoratidzwa zvakakanakisa nemashoko mashomanana erwiyo runofarirwa: ‘Ndichaenda uko *imi* kwamunoda kuti ndiende. . . . Ndichataura izvo *imi* zvamunoda kuti nditaure. . . . Ndichava izvo *imi* zvamunoda kuti ndive.’”²

Gosa Christofferson vanotiye-uchidzawo kuti “Apo patinoedza zuva rega rega uye svondo rega rega kutevera muenzaniso waKristu, mweya wedu unomisa neku-tsinhira hukuru hwawo nesimba rahwo mukudzikisira utera hwedu sevanhu, kurwidzana kuri mukati memoyo yedu kunoderera, uye zvidzo zvinorega kutitambudza.”³

Neill F. Marriot, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hukuru hweBato reVasikana veChidiki vanopa uchapupu hwemakomborero ekuedza kufananidza chidochedu nechido chaMwari: “Ndakatabudzika kubvisa chido chenya-ma chekuti zvinhu zviitike nenzira *yangu*, pekupedzisira ndakazoonakuti nzira yangu haina kukwana, ine mugumo uye haina kukosha senzira

yaJesu Kristu. Nzira [yaBaba vedu Vari Kudenga] ndiro gwara rino-tiunzira mafaro muupenyu huno nemuupenyu hwokusingaperi munyika ichauya.”⁴ Ngatiedzei nekuzvininipisa kuti tive vamwevo naBaba vedu Vekudenga neMwanakomana Wavo, Jesu Kristu.

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo

Johane 17:20–21; VaEfeso 4:13; Dzidziso neZvibvumirano 38:27; reliefsociety.lds.org

ZVIMWE ZVINYORWA

1. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” *Liahona*, Mbudzi 2002, 72, 73.
2. Linda K. Burton, “The Power, Joy, and Love of Covenant Keeping,” *Liahona*, Mbudzi 2013, 111.
3. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” *Liahona*, Mbudzi 2002, 71.
4. Neill F. Marriot, “Yielding Our Hearts to God,” *Liahona*, Mbudzi 2015, 32.

Funga Izvi

Kuita chido chaMwari kunotibatsira sei kuti tive salvo zvakanyanya?